

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Métoché jeung Variabel Panalungtikan**

##### **3.1.1. Métoché panalungtikan**

Numutkeun Campbell jeung Stanley (dina Arikunto, 2002:77) dumasar kana henteuna panalungtikan, disain panalungtikan dibagi kana dua kelompok. 1) *pre experimental design* atawa disebut ogé ékspérimén anu tacan sampurna, 2) *true ékspérimén design* atawa disebut ogé ékspérimén anu sampurna. Ku sabab *pre experimental* disain mangrupa panalungtikan anu lain sabenerna, mangka sok disebut ogé panalungtikan kuasi atawa kuasi ékspérimén.

Métodé kuasi ékspérimén digunakeun pikeun ngukur kamampuh atawa nguji kamampuh siswa dina pangajaran kamampuh maca dongéng ngaliwatan média gambar.

##### **3.1.2. Variabel Panalungtikan**

Arikunto (2002:96) nétélakeun yén anu disebut variabel panalungtikan nya éta objek panalungtikan atawa naon-naon anu jadi puseur panitén dina panalungtikan.

Dina panalungtikan anu maluruh ngeunaan pangaruh tina salah sahiji perlakuan atawa *treatment*, sok aya nu disebut variabel bebas jeung variabel kauger. Hal ieu luyu jeung nu ditétélakeun ku Arikunto (2002:97) yén dina panalungtikan nu maluruh salah sahiji *treatment* aya nu disebut variabel anu mangaruhan, nu biasana disebut *variabel bebas (independent variable)* jeung aya ogé variabel akibat atawa *variabel kauger (dependent variable)*

Dumasar kana jenis variabel di luhur, nu jadi variabel bebas dina ieu panalungtikan nya éta média gambar nu mangrupa *treatment* atawa perlakuan, sedengkeun variabel kaugerna nya éta hasil diajar maca mangrupa dongéng siswa kelas VII SMP YAPIDA.

### 3.2. Disain Panalungtikan

Disain kuasi ékspérimén ekperimen aya tilu rupa, (1), *one shot study*, (2), *Pretest-posttest*, jeung (3), *statict group comparison*. Dina ieu panalungtikan desain kuasi ékspérimén anu digunakeun nya éta pre ékspérimént (1) disebut pratest jeung post ékspérimén (2) disebut pasca test. Dina pedaran saterusna baris disebut prates jeung pasca tes.

Data pratest jeung pasca test baris katitan dihandap

Pola :

$O_1$	X	$O_2$
-------	---	-------

$O_1$  = pratest

$O_2$  = pacsa test

X = perlakuan atawa treatment numangrupa proses diajar ngajar ngagunakeun média gambar.

(Arikunto, 2002 : 78)

### **3.3. Populasi jeung Sampel**

#### **3.3.1. Populasi**

Numutkeun Arikunto (2002 : 108) populasi nya éta sakabeh subjek anu ditalungtik. Lamun aya anu nalungtik sakabeh élémén anu aya di wilayah panalungtikan, panalungtikanana mangrupa panalungtikan populasi.

Populasi jeung sampel dina ieu panalungtikan mangrupa sumber data. Populasi mangrupa sakabeh unit individu anu ditalungtik sipat jeung karakterna. Populasi dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII SMP Yapida taun ajaran 2007-2008, anu jumlahna kurang leuwih aya 120 siswa.

#### **3.3.2 Sampel Panalungtikan**

Sampel nya éta bagian atawa wakil tina populasi anu ditalungtik (Arikunto, 2002 :109). Anapon sampel dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa bagian tina siswa kelas VII SMP Yapida anu jumlahna aya tilu kelas (ti A nepi ka C). pikeun nangtukeun sampel anu ditalungtik téh nya éta ku cara ngagunakeun sampel random (sampel acak) kertas ditulisan ti hurup A nepi ka hurup C saterusna dikoclok nepi ka ka luar hiji hurup anu mangrupa wawakil ti kelas tujuh B. mangka anu jadi sampel ieu panalungtikan téh kelas VII B SMP Yapida anu jumlahna aya 40.

### 3.4. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta :

#### 1. Studi dokumentasi

Studi dokumentasi mangrupa léngkah munggaran dina panalungtikan. Téhnik ieu mangrupa kagiatan sumber jeung data anu pakaitna jeung média pembelajaran hususna média gambar dina hal ieu nya éta ngeunaan kamampuh maca dongéng. Téhnik ieu dipaké pikeun ngumpulkeun data-data dumasar kana tiori anu dipilih luyu jeng pangabutuh. Hasilna nangtukeun jeung nyieun konsep-konsep anu bakal ditalungtik.

#### 2. Uji coba

Uji coba dina ieu panalungtikan, panulis nyiapkeun bahan pangajaran maca dongéng ngagunakeuin média gambar anu bakal dipaké nalika tes.

#### 3. Téhnis tes

Tes anu dilakukeun pikeun mikanyaho kaefektifan média lagu dina ningkatkeun kamampuh maca dongéng. Tes dilaksanakeun dua kali nya éta pra-test jeung pasca test. Siswa maca dongéng anu judul dongéng na geus ditangtukeun. Hasil maca dongéng dianalisis anu hasilana mangrupa angka anu dijieun data panalungtikan.

### 3.5. Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data, perlu aya alat ataswa téhnik nu tangtu luyu jeung masalah katut metode pangajaran. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan

nya éta ku cara ngagabungkeun dua data nya éta data hasil tina pratés jeung pasca tés.

### 3.6. Instrumen Panalungtikan

Instrumen mangrupa hal anu kawilang penting, sabab hasil henteuna panalungtikan dipangaruhan ku instrumen anu digunakeun. Data anu diperlukeun pikeun ngajawab masalah jeung nguji hipotesis bisa dikumpulkeun ngaliwatan instrumen pikeun ngumpulkeun data anu bener-bener dirancang jeung dijieun sarta diperlukeun.

#### 1. Tes

Tes dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data, nya éta pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca dongéng. Tes anu dilaksanakeun nya éta pratés jeung pasca tés.

##### a. Pratés

Praténs mangrupa tés anu kahiji. Prosesna nya éta :

- Guru mere informasi heula ka siswa ngeunaan materi dongéng
- Guru nangtukeun hiji dongéng (dina ieu panalungtikan judul dongéngna hayam kongkorongok subuh)
- Guru ngabagikeun angket
- Guru mere pancen ka siswa pikeun ngeusian eta angket

(Panalungtikan dilaksanakeun dua jam pelajaran)

##### b. Pasca tés

- Guru mere informasi anu leuwih euyeub ngeunaan materi dongéng.

- Guru mere contoh gambar dongéng judul dongéngna hayam kongkorongok subuh
- Guru ngabagikeun teks dongéng
- Guru nitah maca dongéng kalawan saregep

(Panalungtikan dilaksanakeun dua jam pelajaran)

**Tabel 3.1**

**PEDOMAN MEUNTEUN  
TÉS MACA DONGÉNG**

Kamampuh Maca	Skor	Tingkat
1	2	3
Pamahaman Eusi Dongéng	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Artikulasi	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan

Intonasi	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Karakter sora	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Kakuatan sora	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
<i>Gesture</i>	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Jumlah skor	30-6	
Peunteun	10-2	

Keterangan:

1) Pamahaman eusi dongéng

Pamahaman nu maca dongéng kana eusi dongéng bisa ditempo tina cara nepikeun maksud eusi dongéng anu dibacakeun pikeun balarea.

2) Artikulasi

Jelasna artikulasi dina maca dongéng dibutuhkeun pisan. Sora vocal saperti /a/, /i/, /u/, /e/, /o/, /ai/, /au/, jeung sajabana kudu jelas kadengéna, kitu ogé sora-sora konsonan.

3) Intonasi

Intonasi pakaitna jeung pasualan "*tekanan dinamik*", nya éta tarik launa sora, "*tekanan tempo*" nya éta gancang launa ucapan, "*tekanan nada*" nya éta aya patalina jeung luhur handapna sora, jeung "*modulasi*" anu ngawengku parobahan sora. Merenahna intonasi gumantung kana eusi dongéng anu dibaca.

4) Karakter sora

Karakter sora di dieu maksudna nya éta kamampuan maca dongéng dina macakeun dongéng make karakter sora anu beda-beda saluyu jeung eusi tokoh anu aya dina eta dongéng.

5) Kakuatan Sora

Kakuatan sora miboga kalungguhan penting sangkan dipaliré. Dina maca dongéng anu kudu diperhatikeun nya éta sora anu maca dongéng kudu tarik sangkan kadenge ku balaréa.



### 6) *Gesture*

Gestur bisa ogé disebut pantomimik. Nya éta gerak anggota badan dina macakeun dongéng, nalika macakeun dongéng rengkak paripolah kudu proporsional disaluyukeun jeung eusi dongéng ulah kaleuleuwihi.

## 3.7. Téhnik Ngolah Data

Téhnik kagiatan ngolah data mibanda tujuan pikeun néangan jawaban kana pasualan dina ieu panalungtikan. Data anu paling utama dina ieu panalungtikan nya éta ngolah data prates jeung pasca tés. Hasil tina angket pikeun ngalengkepan nu ngadeuceul pikeun méré argumen kana hasil hipotesis bisa nembongkeun hadé atawa goréngna.

Dina panalungtikan anu diolah dina enas-enasna mah ditujukeun pikeun mikanyaho :

- 1) Naha média gambar bisa ningkatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII SMP Yapida?
- 2) Kumaha bédana antara kamampuh maca dongéng pra tés jeung pasca tés pikeun pangajaran maca siswa kelas VII SMP Yapida?
- 3) Naha média pangajaran kaparigelan maca dongéng anu ngagunakeun média gambar téh efektif?

### 3.7.1. Ngolah Data

Pikeun maluruh tujuan kasebut di luhur baris dilakukeun léngkah-léngkah dina nganalisis data saperti ieu:

### 3.7.2. Méré Peunteun Maca Dongéng

Pikeun nangtukeun jumlah skor karangan siswa, digunakeun pedoman meunteun saperti nu kugel dina tabel 3.1

Dumasar kana éta pedoman, skor maksimal karangan siswa nya éta 30. skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir kalayan ngagunakeun rumus :

$$n = \frac{\text{skor anu kahontal}}{\text{skor ideal}} \times 100\%$$

Sangkan leuwih écés, skor ahir siswa ditabulasikeun dina tabel ieu di handap.

**Tabel 3.2**

#### **SKOR TÉS KAMAMPUH MACA DONGÉNG SISWA**

No.	K	A	B	C	D	E	F	Σ	P	%	Kategori
1.											
2.											
3.											

**Kat :**

**K**= Kode maca siswa

**A**= Pamahaman eusi dongéng

**B**= Artikulasi

**C**= Intonasi

**D**= Karakter sora

**E**= Kakuatan sora

**F**= *Gesture*

$\Sigma$ = Jumlah skor

**P**= Peunteun

**Kategori** = *présentase* > 60%, siswa dianggap **mampuh** maca dongéng

*présentase* < 60%, siswa dianggap **can mampuh** maca dongéng

### 3.7.3. Nguji Sipat Data

Nguji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas.

#### 3.7.3.1. Uji Normalitas

Tujuan diayakeunana uji normalitas nya éta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata. Pikeun nangtukeun yén data téh niboga sipat nu normal atawa heunteu ngagunakeun rumus ( $\chi^2$ ).

Pikeun nangtukeun uji normalitas, langkah-langkahna nya éta :

1. Nyieun tabel frékuénsi peunteun

**Tabel 3.3**

**TABEL FRÉKUÉNSI PEUNTEUN**

Skor ( x )	f	f.x	f.x <sup>2</sup>

a) Ngitung rata-rata (*mean*) peunteun pratés

$$\bar{X} = \frac{\sum fx}{N}$$

b) Ngitung Standar Déviiasi ( SD )

$$SD = \sqrt{\frac{N(\sum fx^2) - (\sum fx)^2}{N(N-1)}}$$

c) Nyieun tabel frékuénsi observasi jeung frékuénsi jeung frékuénsi ékspéktasi

**Tabel 3.4**

**FRÉKUÉNSI OBSÉRVASI JEUNG FRÉKUÉNSI ÉKSPÉKTASI**

Kelas	O <sub>i</sub>	b <sub>k</sub>	Z	Z (tabel)	L	E <sub>i</sub>	χ <sup>2</sup>

(1) Nangtukeun jumlah kelas

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

(2) Ngitung rentang (*r*)

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$$

(3) Ngitung panjang kelas (p)

$$p = \frac{r}{k}$$

(4) Ngitung Z

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{SD}$$

(5) Nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_s - Z_{tabel}$$

(6) Ngitung frékuénsi ékspéktasi

$$E_i = L \times N$$

(7) Nangtukeun chi kuadrat ( $\chi^2$ )

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Arikunto, 2002:259)

(10) Nangtukeun derajat kebebasan

$$db = k - 3$$

(11) Nangtukeun normalitas

Pikeun nangtukeun normalitas distribusi populasi digunakeun kriteria ieu dihandap

$x^2_{itung} < x^2_{tabel}$  hartina distribusi data normal

$x^2_{itung} > x^2_{tabel}$  hartina distribusi data teu normal

### 3.7.3.2. Uji homogénitas

Tujuan tina uji homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén hentuena variasi sample tina populasi nu sarua. Sarua jeung uji normalitas, pikeun nangtukeun homogén heunteuna data ngagunakeun rumus *chi kuadrat*.

Pikeun nangtukeun homogénitas, langkah-lengjahna nya éta :

1. Nangtukeun skor variabel x masing-masing kelompok pratést jeung pascatéast.

- Variabel x pratés

$$\sum fx^2 = \dots\dots\dots$$

$$\sum(fx^2) = \dots\dots\dots$$

- Variabel x pascatéast

$$\sum fx^2 = \dots\dots\dots$$

$$\sum(fx^2) = \dots\dots\dots$$

2. Nangtukeun variasi masing-masing kelompok.

- Variasi pratés ( $S_1^2$ )

$$S_1^2 = \frac{n \cdot \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

- Variabel pascatés ( $S_2^2$ )

$$S_2^2 = \frac{n \cdot \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

3. Hasil tina variasi di asupkeun kana distribusi F

$$F = \frac{S^2_b}{S^2_k}$$

4. Ngitung db

$$db_1 = n-1$$

5. Nangtukeun F tabel

Nilai F tabel kalayan ngagunajeun taraf kepercayaan 95%, db 39 mangka kapanggih yen nilai F tabel nya éta 2,14

## 6. Uji homogenitas

Pikeun nangtukeun homogenitas digunakeun criteria dihandap ieu.

$f_{itung} < f_{tabel}$  hartina variasi sampel homogén

$f_{itung} > f_{tabel}$  hartina variasi sampel teu homogén

### 3.7.4. Uji Gain

Dilakukeunana uji gain nya éta pikeun nangtukeun naha aya bedana antara pratés jeung pascaté. Tina hasil uji gain ieu, bisa meunang gambaran ngeunaan kumaha pangaruh digunakeunana media gambar kana kamampuh maca diongeng. Pikeun nangtukeun uji gain, baris ngagunakeun tabel ieu di handap.

**Tabel 3.5**

**UJI GAIN (D) TINGKAT KAMAMPUH MACA DONGÉNG  
NGAGUNAKEUN MÉDIA GAMBAR**

No	Praté	Pascaté	$\Sigma$	D	d <sup>2</sup>

### 3.7.5. Uji hipotesis

Pikeun nangtukeun uji hipotesis, langkah-langkahna nya éta :

- 1) Nyieun tabel uji jumlah rata-rata pratés jeung pascaté



Tabel 3.6

TABEL UIJ JUMLAH RATA-RATA PRATÉS JEUNG PASCATÉS

No	Praté	Pascaté	d	d <sup>2</sup>	Xd (d-Md)

- 2) Nangtukeun mean tina beda pratés jeung pascaté kalawan ngagunakeun rumus

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

- 3) Derajat kebebasan ( db) kalawaan rumus

$$db = n-1$$

- 4) Ngitung t kalawan rumus

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

